

Geguritan

NAMA : _____

KELAS : _____

TANGGAL : _____

Geguritan

by Okta Sri Wahyuni



Kepriye carane nulis geguritan kanthi becik?



Langkah – langkah nulis guritan

- Nemtokake tema apa kang bakal katulis ing guritan.
- Ngumpulake tetembungan kang ana sesambungane karo tema
- Ngrakit frase adhedhasar tetembungan kang wus dikumpulake





Kepriye supaya bisa mangerteni isine geguritan?





Carane mangerteni isine geguritan

- Negesi tetembungan sing angel ing geguritan iku
- Mahami maknane tulisan ing saben-saben gatra / larik lan nulis ing sawijing ukara.
- Nggathukake maknane ing antarane gatra siji lan sijine



TULADHA GEGURITAN

TAMAN
Dening : J.F.X. Hoery

Ing taman
Ing taman anakku
Tawon lan kupu rebutan madu
Kinjeng lan kombang rebutan kembang
Angin esuk ngerog ebun ing pucuking kudhup
Kekedhering kinjeng lan kupu
Aja nganti mbokincup
Sawangen wae
Endahe.




1. geguritan, yaiku:

- | | | | |
|----------------------------|---|----------------------------|---|
| ☐ A | Puisi basa Jawa gagrag lawas (kuna) kang kaiket dening paugeran (aturan) sing gumathok. | ☐ B | Puisi basa Jawa gagrag dening paugeran lawas (kuna) kang ora (aturan) sing kaiket gumathok. |
| ☐ C | Puisi basa Jawa gagrag anyar (modern) kang ora kaiket dening paugeran (aturan) sing gumathok. | ☐ D | Puisi basa Jawa gagrag anyar (modern) kang kaiket dening paugeran (aturan) sing gumathok. |

2. Wong maca geguritan, sing paling apik yaiku

- | | | | |
|----------------------------|------------------------------------|----------------------------|---|
| ☐ A | kanthi tanpa solah bawa lan patrap | ☐ B | kanthi solah bawa lan patrape dhewe-dhewe |
| ☐ C | kanthi solah bawa sing digawe-gawe | ☐ D | kanthi nuladha solah bawa lan patrape liyan |

3. Tembung geguritan dumadi saka tembung "gurit" kang tegese....

- | | | | |
|----------------------------|----------|----------------------------|---------|
| ☐ A | Pathokan | ☐ B | Tulisan |
| ☐ C | Pujangga | ☐ D | Wirasa |

4. Geguritan iku nang basa Indonesia diarani

- | | | | |
|----------------------------|-------|----------------------------|--------|
| ☐ A | lagu | ☐ B | puisi |
| ☐ C | sajak | ☐ D | pantun |

5. sing diarani guru wilangan yaiku...

- | | | | |
|----------------------------|--|----------------------------|--|
| ☐ A | cacahe bait ing geguritan | ☐ B | cacahe gatra utawa larik saben bait |
| ☐ C | cacahing wanda saben utawa suku kata ing saben gatra | ☐ D | pocapan utawa intonasi ing wekasaning bait |

6. Obahing awak nalika moco geguritan diarani...

- | | | | |
|----------------------------|--------|----------------------------|--------|
| ☐ A | wirasa | ☐ B | wirama |
| ☐ C | wiraga | ☐ D | wicara |

